

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Benefis pou Etranje



Nan Ki Sikonstans yon Etranje Ka Elijib pou Benefis SSI?

Yon etranje ka elijib pou benefis SSI si li ranpli kondisyon lalwa pou moun ki pa sitwayen ameriken ki te an efè depi 22 out 1996. Anjeneral, depi 22 out 1996, pifò etranje dwe satisfè de kondisyon pou yo ka vin elijib pou benefis SSI:

- yo dwe fè pati yon kategori **etranje ki kalifye**; epi
- yo dwe satisfè yon **kondisyon** k ap pèmèt etranje ki kalifye yo resevwa benefis SSI.

ENPÒTAN: Yon etranje dwe satisfè tou tout lòt règ yo pou [elijiblite SSI](#), avèk tou limit sou [revni](#) ak [resous](#), elatriye.

Kimoun ki se yon Etranje Kalifye?

Gen uit (8) kategori etranje ki kalifye. Ou se yon **etranje kalifye** si Department of Homeland Security (DHS) (Depatman Sekirite Teritwa) di ou fè pati youn nan kategori sa yo:

- Lawfully Admitted for Permanent Residence (LAPR) (Moun Ki Admi Legalman pou Rezidans Pèmanan) Ozetazini, ki gen ladan “imigran Azyatik-Ameriken” jan sa defini nan Seksyon 584 Foreign Operations, Export Financing and Related Programs Appropriations Act of 1988, selon amannman;
- moun yo akòde antre sou kondisyon dapre Seksyon 203 (a)(7) Immigration and Nationality Act (INA) jan lwa sa an efè anvan premye avril 1980;
- moun ki jwenn libète sou kondisyon nan Etazini dapre Seksyon 212(d)(5) INA pou yon peryòd yon lane omwen;
- moun ki refijye yo aksepte Ozetazini dapre Seksyon 207 INA;
- moun yo akòde azil dapre seksyon 208 INA;
- depòtasyon yo sispann dapre Seksyon 243(h) INA, jan sa an efè anvan premye avril 1997 oswa eksplisyon ki sispann dapre Seksyon 241(b)(3) INA;
- “Kiben ak Ayisyen ki antre” dapre Seksyon 501(e) Refugee Education Assistance Act of 1980 oswa nan yon sitiyasyon ki dwe trete kòm yon “Kiben/Ayisyen ki antre” pou bi SSI; oswa

anba sèten sikonstans, ou menm, pitit ou, oswa paran ou te viktim kou ak blesi oswa sovajri ekstrèm pandan nou Ozetazini.

Nan Ki Sikonstans yon Etranje Kalifye Ka Elijib pou Benefis SSI?

Si w fè pati nan uit (8) kategori etranje kalifye ki nan lis anwo a, ou ka elijib pou benefis SSI si w satisfè youn nan kondisyon sa yo tou.

1. Ou t ap resevwa benefis SSI depi 22 out 1996, epi ou se yon rezidan legal Ozetazini.
2. Ou se LAPR ki gen 40 ka (4 mwa) travay kalifikatif.

- Travay konjwen ou oswa paran ou fè ka konsidere tou nan 40 ka travay la, men sèlman pou jwenn benefis SSI.
- ka travay ki fèt apre 31 desanm 1996 pa ka konsidere si ou menm, konjwen ou, oswa paran ou ki te travay t ap resevwa sèten benefis nan gouvènman ameriken, selon limit [revni](#) ak [resous](#) pandan peryòd la.

ENPÒTAN: Si w te antre Ozetazini pou premye fwa nan dat 22 out 1996 oswa apre dat sa a, ou pa ka elijib pou benefis SSI pou premye senk (5) ane yo antan LAPR menm si w gen 40 ka travay ki kalifye.

3. Ou aktif nan moman nan Fòs Lame ameriken oswa ou jwenn demisyon avèk onè antan yon veteran epi demisyon an se pa paske ou se yon etranje. Kondisyon sa a ka aplike tou si w se konjwen, vèf (vèv), oswa pitit depandan sèten manm pèsonèl militè ameriken.

4. Ou t ap viv legalman Ozetazini depi 22 out 1996 epi ou avèg oswa enfim.

5. Ou ka resevwa benefis SSI pou yon maksimòm sèt (7) ane apati dat DHS akòde ou yon sitiyasyon etranje nan youn nan kategori sa yo, epi sitiyasyon etranje a te akòde nan sèt (7) ane ki vini apre dat ou te ranpli aplikasyon pou benefis SSI:

- ▶ refijye anba seksyon 207 INA;
- ▶ refijye anba seksyon 208 INA;
- ▶ etranje yo te sispann depòtasyon dapre Seksyon 243(h) INA oswa etranje yo te sispann ekspilyon yo dapre Seksyon 241(b)(3) INA;
- ▶ “Kiben ak Ayisyen ki antre” dapre Seksyon 501(e) Refugee Education Assistance Act of 1980 oswa nan yon sitiyasyon ki dwe trete kòm yon “Kiben/Ayisyen ki antre” pou bi SSI; oswa
- ▶ “Imigran Ameriken-Azyatik” anba seksyon 584 Foreign Operations, Export Financing and Related Programs Appropriations Act of 1988 (Lwa 1988 sou Operasyon Etranje, Finansman Ekspòtasyon ak Apwopriasyon Pwogram Asosye), selon amannman.

ENPÒTAN: Ou ka elijib pou benefis SSI pandan plis pase peryòd sèt ane si w fè pati nan youn nan kategori sa yo epi ou satisfè lòt kondisyon (1-4) ki anwo a tou.

Eksepsyon Apati Lwa 26 out 1996 pou Sèten Endyen ki pa Sitwayen Ameriken

Sèten kategori moun ki pa sitwayen ameriken ka elijib pou benefis SSI epi lwa 26 out 1996 la ka pa an efè pou yo. Pami kategori sa yo, genyen:

Endyen-Ameriken ki fèt nan peyi Kanada, epi k ap viv Ozetazini dapre Seksyon 289 INA; oswa

manm tripi Endyen gouvènman federal rekonèt dapre Seksyon 4(e) Indian Self-Determination and Education Assistance Act (Lwa pou Endepandans ak Asistans pou Edikasyon Endyen).

Lòt Kategori Etranje ki Elijib

Ou ka elijib pou benefis SSI dapre sèten sikonstans si Department of Health and Human Services (Ministè Sante) detèmine ou satisfè kondisyon Trafficking Victims Protection Act of 2000 (Lwa 2000 pou Pwoteksyon Moun ki Viktim Trafik).

Nou Bezwen Prèv Sitiyasyon Imigrasyon Ou

Si w ranpli fòm aplikasyon pou benefis SSI, ou dwe ban nou prèv sitiyasyon imigrasyon ou, tankou yon Fòm I-94 Imigrasyon DHS, Fòm I-551 DHS oswa yon desizyon yon jij imigrasyon pran pou sispann depòtasyon ou oswa pou akòde ou azil.

Si w te sèvi nan Fòs Lame Ameriken, ou ka bezwen ban nou prèv sèvis militè ou tou, tankou papye demisyon ou nan Fòs Lame Ameriken (DD Fòm 214) ki montre demisyon onorab ou.

Biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou ka di ou ki lòt kalite prèv ou ka soumèt pou pwouve sitiyasyon etranje ou.

Esi Mwen Gen yon sponso?

Lè w te antre Ozetazini, ou te ka jwenn yon moun siyen yon akò pou ba ou sipò. Nou rele akò sa yon garanti sipò, epi nou ka rele moun ki siyen an sponso ou. Si w gen yon sponso, anjeneral n ap konsidere [revni](#) ak [resous](#) li kòm [revni](#) ak [resous ou](#).

Biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou ka ba ou plis enfòmasyon sou règ sa yo ak fason yo ka aplikab nan ka pa ou la.

Fason pou vin yon sitwayen ameriken

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fason pou vin yon sitwayen ameriken depi w ekri oswa ou ale nan yon biwo DHS ki nan zòn ou oswa depi w rele gratis nan nimewo **1-800-870-3676** pou jwenn yon fòm aplikasyon pou natiralizasyon (Fòm N-400).